

BAB I

BUBUKA

Modél *Experiential Learning* téh kaasup salahsahiji modél pangajaran *inovatif* anu penting diajarkeun di sakola sabab numutkeun Kolb dina Haan (2016, kc. 5) Modél *Experiential Learning* nya éta diajar salaku prosés kumaha pangaweruh diciptakeun ngaliwatan parobahan bentuk pangalaman. Numutkeun Cahyani (2012, kc.174) Modél *Experiential Learning* lain ngan saukur méré pangaweruh ngeunaan konsép-konsép tapi méré pangalaman ka siswana. Éta pangalaman téh mangrupa hiji tatapakan hirup nu bisa disurahan, babandingan, jeung pangaweruh pikeun jalma séjén lamun éta pangalaman dituliskeun. Hakékat modél *experiential learning* nya éta méré lolongkrang ka siswa pikeun ngalakukeun kagiatan-kagiatan sacara aktip, sabab pangalaman miboga peran anu penting dina prosés diajar. Salah sahiji léngkah dina ieu modél nya éta *share*, ngalaksanakeun prosés *sharing* atawa tuker pangalaman jeung babaturanna maké gaya masing-masing siswa. Guru méré lolongkrang ka siswa pikeun ngalakukeun kagiatan-kagiatan sacara aktip, sabab pangalaman miboga peran anu penting dina prosés diajar.

Modél *Experiential Learning* mimiti diwanohkeun ku David Kolb (1984), ieu modél penting lamun dilarapkeun dina pangajaran nulis sabab numutkeun Montrose (2015, kc.5) modél pangajaran ieu nempatkeun siswa salaku puseur tina kagiatan pangajaran, siswa diajak ilubiung langsung ka lapangan pikeun nyangking pangalaman sarta ngébréhkeun hasil pangalamanna kana wangu tulisan. Kitu deui pangajaran nulis ogé penting pisan dilarapkeun di sakola sabab dina nulis téh siswa kudu nepikeun eusi haté, pikiran, jeung kahayang dina runtulan tulisan anu ngéntép seureuh sangkan babari kaharti ku nu macana. Kiwari minat siswa dina nulis téh beuki dieu malah beuki asor. Éta hal katitén tina peunteun siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung anu masih keneh handap, peunteun siswa téh rata-rata 72 sedengkeun KKM (Kriteria Ketuntasan Minimum) 75, hartina kaparigelan nulis siswa masih kénéh handap utamana dina nulis karangan éksposisi.

Nulis karangan eksposisi penting pikeun dicangking ku siswa sabab aya dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran Bahasa jeung Sastra Sunda diantarana aya matéri karangan eksposisi. Ieu hal katingal dina SK jeung KD.

(SK) 9.4 *Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam bentuk surat, berita, teks pidato, hasil wawancara, dan bahasan.*

(KD) 9.4.5 *Menulis Bahasan.* Lantaran aya dina kompetensi dasar, ieu karangan eksposisi téh kudu ka cangking ku siswa.

Tompkins (dina Zainurrahman, 2013, kc. 67) nétélakeun yén eksposisi nya éta tulisan nu sipatna faktual. Éksposisi nya éta tulisan nu méré informasi ngeunaan nahe jeung kumaha, ngajelaskeun hiji prosés atawa ngajelaskeun hiji konsep.

Bangbaluh anu disanghareupan siswa dina nulis karangan eksposisi diantarana waé, dina néangan ide atawa kekecapannana, kurang ngawasaan kosa kecap lantaran siswa kurang paham kana basa Sunda. Siswa can maham bener hakékat nulis eksposisi, kumaha karakteristik eusi tulisan sarta kumaha léngkah-léngkah nulis karangan eksposisi. Siswa leuwih meningkeun panjang pondokna karangan, lain kualitas eusi karanganna. Jaba ti éta bisa jadi kurangna kamampuh siswa dina nulis karangan eksposisi téh guru nu salila ieu mere bahan ajar sipatna masih make cara tradisional atawa teu *inovatif* anu ngabalukarkeun siswa boga anggapan yén nulis téh hiji kagiatan anu ngabosenkeun. Kukituna guru basa Sunda kudu rancagé, kudu bisa ngahudang karep siswa sangkan sumanget kana diajar utamana ngaronjatkeun kaparigelan nulis. Luyu jeung pamadegan Syamsu Yusuf, nyebutkeun yén guru téh jadi palaku utama dina pamakéan program pendidikan di sakola jeung miboga peran anu strategis dina ngahontal tujuan pendidikan anu dipiharep (Syamsu & Nani, 2015: kc. 139). Pangajaran anu hadé nya éta pangajaran anu ngahijikeun pangalaman diajar ngeunaan kumaha hubungan gagasan, émosi jeung suasana kelas sarta kumaha éta dua hal bisa robah luyu jeung suasana anu sarua robah (Joyce, spk., 2015, kc. 6).

Masalah di luhur téh kudu buru-buru diréngsékeun salahsahiji cara pikeun ngungkulana nya éta ngaliwatan modél pangajaran. Modél pangajaran nya éta hiji rarancang nu dipaké ku guru pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Modél

pangajaran nu dianggap bisa ngahontal tur ngungkulun masalah nu geus ditataan tadi, nya éta modél pangajaran *Experiential Learning*. Modél *Experiential Learning* dipilih kusabab tina wangenan di luhur ébréh yén ieu modél unggul dina kaparigelan nulis, sarta bisa ngagampangkeun siswa dina ngébréhkeun pangaweruh nu dicangkingna kana wangun tulisan utamana nulis karangan eksposisi anu dimimitian ku tahap maham, silih tuker pangalaman jeung babaturanna, diskusi nuliskeun hal-hal anu penting sarta dina prosés diajar ngagunakeun modél pangajaran *Experiential Learning*, moal aya siswa anu cicing atawa pasif, nu aya siswa kudu interaksi jeung babaturanna. Ku kituna, dipiharep siswa bisa mampuh nulis karangan eksposisi kalawan hadé.

Panalungtikan modél *Experiential Learning* téh geus kungsi dilaksanakeun saméméhna diantarana waé, “*Peningkatan Keterampilan Menulis Cerpen Melalui Model Experiential Learning pada Siswa Kelas X-F SMA Laboratorium Percontohan UPI Bandung Tahun Pelajaran 2010/2011*” (Pangelista, 2011). Hasil panalungtikanna ngébréhkeun yén ngaronjatna kamampuh siswa dina nulis cerpén sanggeus ngiluan prosés pangajaran ku cara maké modél *experiential learning*.

Panalungtikan Aiko Sato jeung Jonathan de Haan (2016) University of Shizouka ngeunaan “*Applying an Experiential Learning Model to the Theaching of Gateway Strategy Board Games*”. Anu ngadadarkeun pangaruh modél *Experiential Learning* kana tingkat nulis di sakola anu hasilna ngaronjat”. Panalungtikan Dian Ludiawati (2014) UPI jurusan Pendidikan Bahasa jeung Sastra Indonesia ngeunaan “*Penerapan Model Experiential Learning dalam Pembelajaran Menulis Teks Berita pada Siswa Kelas VIII SMP Kartika XIX-Bandung*”. Panalungtikan Purnami jeung Rohyati (2013) dina jurnal panalungtikanna ngeunaan “*Implementasi Metode Experiential Learning dalam Pengembangan Softskills Mahasiswa yang Menunjang Integrasi Teknologi, Manajemen, dan Bisnis*”. Dina panalungtikanna, yén *Experiential learning* bisa dijadikeun salaku *fasilitator* nu bisa mantuan siswa pikeun diajar ngaliwatan naon anu kungsi kaalaman. Kukituna, ieu métode saluyu jeung prosés pangajaran.

Eusi tina panalungtikan Pangelista jeung Dian téh ngulik éfektifitas modél *Experiential Learning* dina pangajaran nulis cerpen jeung téks berita. Hasilna

ngébréhkeun yén modél *Experiential Learning* téh bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis. Ari panalungtikan nu Rohyati mah ngébréhkeun yén modél *Experiential Learning* téh bisa mekarkan *softskill* mahasiswa dina téhnologi, manajemén, jeung bisnis tur dijadikeun salaku *fasilitator* nu bisa mantuan siswa pikeun diajar ngaliwatan naon anu kungsi kaalaman. Ku kituna, ieu métode saluyu jeung prosés pangajaran.

Nilik kana panalungtikan diluhur, yén modél pangajaran *Experiential learning* bisa ngaronjatkeun kamampuh sisiwa dina nulis. Ku kituna, panalungtik kataji pikeun nalungtik ieu modél dina nulis, bahan anu ditulisna nya éta karangan déskripsi maké modél pangajaran *Experiential Learning* anu dirumuskeun dina judul “Modél *Experiential Learning* Pikeun Pangajaran Nulis Karangan Déskripsi (Studi Kuasi Ékspérímén ka Siswa Kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2016/2017)”.

1.1 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.1.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan kapaluruh yén siswa téh hésé nangtukeun idé, hésé milih kandaga kecap atawa diksi anu merenah, néangan bahan karangan éksposisi anu informatif jeung mekarkeun rangka karangan. Siswa can maham kumaha hakékat nulis karangan éksposisi, kumaha karakteristik eusi tulisan sarta kumaha léngkah-léngkah nulis karangan déskripsi. Siswa leuwih mentingkeun panjang pondokna karangan, lain kualitas eusi karangan.

Kamampuh nulis karangan éksposisi téh diukur dumasar dua katégori, katégori linguistik jeung non linguistik. Katégori linguistik maluruh ngeunaan naon-naon anu aya patalina jeung katatabasaan, saperti éjahan, struktur kalimah, jeung diksi. Sedengkeun, katégori non linguistik mah naon-naon anu aya di luar katatabasaan, saperti kualitas eusi, jeung kerapihan tulisan.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, modél pangajaran *experiential learning* dianggap bisa jadi salah sahiji cara pikeun ngungkulán masalah dina pangajaran nulis karangan éksposisi sabab salah sahiji léngkah dina ieu modél nya

éta *share*, ngalaksanakeun prosés *sharing* atawa tuker pangalaman jeung babaturanna maké gaya masing-masing siswa.

1.1.2 Rumusan Masalah

Rumusan Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangu kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Experiential Learning*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Experiential Learning*?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Experiential Learning*: sarta
- 4) Naha modél pangajaran *Experiential Learning* bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017?

1.2 Tujuan Panalungtikan

1.2.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji kaépéktipan modél pangajaran *Experiential Learning* dina pangajaran nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017.

1.2.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsiékeun:

- 1) kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Experiential Learning*;

- 2) kamampuh nulis karangan eksposisi siswa IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Experiential Learning*;
- 3) ningkat henteuna kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017 maké modél pangajaran *Experiential Learning*; sarta
- 4) bédha nu signifikan antara kamampuh nulis karangan eksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Experiential Learning*;

1.3 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun anu nyusun, masarakat jeung lembaga-lembaga lianna. Dina ieu mangpaat panalungtikan aya dua mangpaat nya éta, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.3.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeulan jeung jadi alternatif ngaronjatkeun kualitas guru dina ngajar basa Sunda hususna pangajaran nulis di SMP.

1.3.2 Mangpaat Praktis

1) Mangpaat pikeun siswa

Ngaliwatan modél pangajaran, siswa bisa kairut jeung ngamekarkeun motivasi kaaktifan sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna dina nulis karangan eksposisi.

2) Mangpaat pikeun guru

Ieu panalungtikan bisa mantuan guru pikeun ngokolakeun hiji pangajaran nulis ngaliwatan modél pangajaran.

3) Mangpaat pikeun sakola

Ngaliwatan ieu modél, bisa ngaronjatkeun prestasi sakola jeung ngaronjatkeun kompetensi guru dina ngohkolahkeun pangajaran.

4) Mangpaat pikeun nu nalungtik

Nu nalungtik bisa ngamekarkeun kamampuh dina panalungtikan pangajaran nulis sangkan siswa miboga karep jeung gancang maham prosés nulis karangan ngaliwatan modél pangajaran.

5) Mangpaat pikeun paélmuan

Ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran nulis sangkan leuwih ngirut siswa.

Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu tulisan nyoko kana lima bab, anu diwincik ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan, mangpaat, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan pustaka, raraga mikir, asumsi, jeung hipotésis, medar tiori-tiori nu patali jeung variabel nu aya dina ieu panalungtikan, nya éta tiori ngeunaan modél pangajaran, tiori ngeunaan nulis, jeung karangan éksposisi, medar kumaha panalungtikan saméméhna, kumaha kalungguhan tiorina, kumaha raraga mikir, jeung hipotésisna.

Bab III Metode panalungtikan, eusina nya éta sumber data, desain, subjék, prosedur, metode, téknik, instrumén, jeung analisis data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél *Experiential Learning* pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017.

BAB V Kacindekan, implikasi jeung saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran.